



Pou Piblikasyon Imedya: 10 out 2014

### LIDÈ YO NAN GOUVÈNMAN ETA NEW YORK ANONSE YON VWAYAJ INITE AN ISRAEL

***An demonstrasyon de solidarite avèk Israel, lidè New York yo te rejwenn ansanm pou dirije yon delegasyon inite toulède pati yo nan dat 12-14 Out***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ko-lidè Majorite Sena Dean Skelos ak Jeff Klein, ansanm avèk prezidan asanble a Sheldon Silver jodia te anonse yon vizit inite pou re-afime sipò eta New York nan limyè menas atak ki kontinye pa Hamas ak lòt òganizasyon teroris yo. Apre konvèsasyon regilye avèk otorite Izrayelyen yo pandan semèn ki sot pase yo, vwayaj inite a pral fèt nan dat 12-14 Out. An Israel, yo pral rankontre avèk lidè Izrayelyen yo epi vizite Izrayelyen yo ki te afekte nan konba.

Konsil Jeneral Izrayèl nan New York Ido Aharoni te deklare, “Nou kontan dèske Gouvènè a te aksepte envitasyon nou pou vizite Izrayèl nan yon tan kritik, pou eksprime amitye ak solidarite avèk pèp Izrayèl la. Nou rekonesan pou sipò ak mo ankourajman Gouvènè a, e nou fyè pou relasyon solid nap pataje avèk moun New York, sa ki baze sou valè pataje nou yo. Mwen enpasyan pou mwen salye Gouvènè Cuomo ansanm avèk tout delegasyon an an Izrayèl.”

“Zanmi kanpe ansanm nan tan kriz, e mwen fyè pou m dirije delegasyon toulède pati yo nan Izrayèl pou re-afime amitye ak sipò nou,” Gouvènè Cuomo te deklare. “New York te toujou gen yon relasyon espesyal ak peyi Izrayèl. Pandan ke Hamas ak lòt òganizasyon teroris yo kontinye ap menase Izrayèl, kounye a se moman pou n delivre mesaj solidarite sa anpèsan.”

Ko-lidè Sena Dean G. Skelos te deklare, “Pandan moman enpòtan sa a nan istwa, li nesesè pou New York re-afime sipò solid ak enkondisyonèl li pou dwa Izrayèl pou defann tèt li kont atak ki dirije pa Hamas e pou l pran kèlkeswa aksyon li jije nesesè pou pwoteje moun yo kont taktik brital bonm omisid. Mwen kontan pou m rejwenn Gouvènè a, ko-lidè sena, ak prezidan Silver ki fè pati nan delegasyon ofisyèl Eta New York kap vizite Izrayèl semèn sa a, e mwen enpasyan pou m pote swè pèp nan distri mwen an ansanm avèk eta New York bay alye nou pi fè konfyans ak pi fyab a peyi nou an.”

Ko-lidè Sena Jeffrey D. Klein te deklare, “Antanke pitit pitit sivian olokos Eta Izrayèl pa sèlman sakre a mwen menm men se yon limyè pou valè ak dwa ki nan nannan yon demokrasi ke mwen cheri anpil. Mwen kontan dèske mwen rejwenn Gouvènè Cuomo, Ko-lidè Sena Skelos, ak Prezidan Silver antanke manm ofisyèl nan delegasyon New York kap vwayaje nan Izrayèl semèn sa a pou montre sipò ke nap toujou kanpe an solidarite avèk Izrayèl.”

Prezidan Asanble a Sheldon Silver te deklare, “Mwen te vizite la plizyè fwa, e mwen kontan pou m rejwenn Gouvènè Cuomo ansanm avèk Senatè Skelos ak Klein nan misyon nou a Izrayèl pou montre solidarite New York avèk pèp Eta Jwif la. Antanke yon sipòtè Izrayèl pou tout lavi, mwen pa kapab egzajere enpòtans vwayaj sa. Mwen fyè dèske anpil biznis New York te kòmanse la e mwen kwè li esansyèl ke lidè Empire State yo eksprime solidarite nou avèk Izrayèl ak pèp li, espesyalman pandan moman difisil sa yo. Mwen sèten paske vizit nou an pral ranfòse lyen ki deja sere ki ini New York ak eta Izrayèl.”

Anplis de Gouvènè Cuomo ak lidè lejislatif yo, delegasyon New York la pral gen ladan Mortimer B. Zuckerman, Prezidan Egzekitif Boston Properties, Editè Daily News, ak Prezidan ak Editè an-chèf U.S. News ak World Report, ansanm avèk manm fanmi Gouvènè a: Kenneth Cole, PDG Kenneth Cole Productions, Inc.; Neil Cole, PDG, ak Prezidan ak Konsèy of Iconix Brand Group, Inc.; ak Howard S. Maier, Prezidan Emeritus of the Holocaust Memorial ak Sant Tolerans nan Konte Nassau .

New York se kay plis pase 1.7 milyon jwif, ki reprezante pi gwo kominote jwif andeyò Izrayèl nan mond lan. Se pral katriyèm vwayaj Gouvènè a an Izrayèl.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE